

**NeMutungamiri  
Dieter F. Uchtdorf**  
Mutevedzeri weChipiri  
muHutungamiri Hwekutanga



# Nguva Yakanakisisa yeku Sima Muti

**M**uRoma yamakare-kare, Janus aiva mwari we-mavambo. Kazhinji aitaridzwa mumifananidzo aine zviso zviviri—chimwe chakatarisa kumashure kune zvakapfuura, chimwe chakatarisa kumberi kune zveramangwana. Dzimwe ndimi dzinotumidza mwedzi waNdira mushure make nokuda kwekuti kutanga kwegore kwaiva nguva yekurangarira kwakadzama pamwepo nokuronga.

Mushure mezviuru zvevakore, marudzi mazhinji pasi rose vachiri kuita tsika yokumisa zvitsidzo zvo-kuzvinatsa mugore idzva. Chokwadi, kuita zvitsidzo kurinyore—kuzozvichengeta ndechimwe chinhu chakasiyana zvachose.

Mumwe murume akanga aita mudorongodzwa wakareba wezvitsidzo zveGore Idzva akanzwa kufara kukuru nekufambira mberi kwake. Akafunga kuti, “Kusvika parizvino, ndakachengeta chitsidzo changu chokudya zvisvishoma, handina kushatirwa, ndakatevedzera hurongwa hwangu hwekushandisa mari, uye handina kumbogununa kana kamwe zvako pamusoro peimbwa yemuvakidzani wangu. Asi nhasi musiri wa 2 Ndira uye chiringazuva changu charira kutaridzwa kuti yava nguva yokuti ndimuke. Zvichatora chishamiso kuti ndirambe ndichitevera zvitsidzo zvangu zvose.

## **Kutanga Patsva**

Kutanga patsva kune chimwe chinhu chinopa tariro huru. Ndinofunga paneimwe nguva tose takada kutanga patsva tisina zvikanganiso kana tariro dzakare.

Ndinofarira chaizvo kuwana kombuyuta itsva iyo inenge ine hadhi dhiraiivi rakachena. Kwenguva yakatikuti inoshanda zvakanyakisisa. Asi apo mazuva nemavhiki paanopfuura uye mapurogiramu akawanda paanoiswa (mamwe nokuda, mamwe nokusada), nokupedzisira kombuyuta inotanga kungomira pakati pokushanda kwayo, uye zvinhu zvayaisiita nokukurumidza uye zvakanyatsonaka zvotanga kunonoka kuitika. Dzimwe nguva haishandi zvachose. Kunyange kuibakidza kunokwanisa kuva basa guru apo hadhi dhiraiivi parinoremerwa nezvinyorwa namamwe mapurogiramu asingadikanwi uye asina basa. Pane nguva apo sarudzo inenge iripo chete ndeye kudzima zvose zviri muhadhi dhiraiivi yekombuyuta nokuisa mapurogiramu zvakare uye kwava kutanga patsva.

Vanhu vanokwanisa saizvozvo kuremerwa nekutya, kusabvuma, uye kunzwa mhosva nguva dzose. Zvikanganiso zvatakaita (zvese tichida uye tisingadi) zvinokwanisa kutiremera kusvikira zvotaridzika sezvinhu zvakaoma kuita izvo zvatinoziva kuti tinofanira kuita.

Pachivi chinenge chaitwa, kune nzira yakanakisisa yokudzima chivi ichocho inonzi rutendeuko iyo inotibvumira kuchenesa mahadhi dhiraivi edu emukati kubva kuzvinhu zvisingadikanwi izvo zvinoremera moyo yedu. Vhangeri, kuburikidza neRudzikinuro runoshamisa uye rune tsitsi rwaJesu Kristu, rinotitaridza nzira yokuchenesa mweya yedu kubva kumavara echivi uye zvakare tova vatsva, vatsvene, uye vasina mhaka semwana mudiki.

Asi dzimwe nguva zvimwe zvinhu zvinotinonotsa nokutitadzisa kufambira mberi, zvichikonzera pfungwa dzisina chimuko uye zviito izvo zvinoita kuti zvive zvakatiomera kutanga kuita izvo zvatino fanira kuita.

### **Kuburitsa Zvakanakisisa Matiri**

Kumisa zvinangwa chiito chakakodzera. Tinoziva kuti Baba Vedu Vokudenga vane zvinangwa nokuti Vakatiudza kuti basa Ravo nokubwinya Kwavo “kuunza kusafa neupenyu hwokusingaperi hwevanhu.” (Moses 1:39).

Zvinangwa zvedu pachedu zvinokwanisa kuburitsa kunakisisa matiri. Zvisinei, chimwe chezvinhu izvo zvinotikangaidza pakuedza kwedu mukuita nokuchengeta zvitsidzo ndechekuverengera. Dzimwe nguva tinononoka kutanga, takamirira nguva yakanaka yekuti titange—zuva rokutanga regore idzva, kutanga kwezhi-zha, apo patinenge tazodaidzwa saBhishopi kana mutungamiri weChita Cherubatsiro, mushure mokunge vana vatanga kupinda chikoro, mushure mukunge taregera kushanda.

Haufaniri kutanga watambira kukokwa usati watanga kufamba wakananga kuzvinangwa zvako zvakaruruma. Haufaniri kumirira mvumo yokuva munhu wawakasikirwa kuva. Haufaniri kumirira kukokwa kuti ushandire muChechi.

Dzimwe nguva tinokwanisa kutambisa makore ehupenyu hwedu takamirira kusarudzwa (ona D&Z 121:34–36). Asi aya mafungiro amanyepo. Wakasarudzwa nakare!

Pane dzimwe nguva muhupenyu hwangu ndakata-dza kurara ndichinetsekana nezvinhu, zvinetso, kana kusuwa kwangu pachangu. Asi zvisinei nokusviba kungaita usiku, nguva dzose ndinokurudzirwa nepfungwa iyi: murungwanani zuva richabuda.

Nezuva roga roga idzva, mambakwedza matsva anouya—kwete kunyika chete asi nekwatiriwo. Uye nezuva

idzva kunouya mavambo matsva—mukana wekutanga zvakare.

### **Asi Ko Kana Tikakundikana?**

Dzimwe nguva chinhu chinotitadzisa kufambira mberi kutya. Tingangokwanisa kutya kuti hatizobudiriri, kuti tinozobudirira, kuti tingangonyadziswa, kuti budiro ingangotichinja kana kuti ingangochinja vanhu vatinoda.

Saka tinomirira. Kana kuora mwoyo torega.

Chimwe chinhu chatinofanira kuyeuka maererano nekumisa zvinangwa ndechichi: Kazhinji kacho chairo tinozokundikana—kunyanya kwechinguva chidiki. Asi panokuora moyo, tinokwanisa kusimbiswa nokuti nzwisiso iyi inobvisa manzwi ekuremerwa netarisiro yekuva takarurama iyezvino. Inotaridza kubvira pokutanga kuti pane imwe nguva tinokwanisa kutadza kuita zvose izvo zvatino tarisira kana zvatino kumbirwa kuti tiite. Kuziva izvi kubvira pokutanga kunobvisa kushamiswa nokuodzwa moyo kuzhinji uko kunouya patinokundikana.

Apo patinoita zvinangwa zvedu nenzira iyi, kukundikana hakuzotitadzisi kuramba tichifambira mberi. Yeukai kuti, kunyangwe tikatadza kusvika iyezvino kuchinangwa chedu chikuru chatinoda, tinenge tatorambira mberi nemunzira inozotungamirira kusvika kwedu kwachiri.

Uye izvozvo zvinebasa—zvinokosha zvikuru.

Kunyangwe tikatadza kusvika kumagumo enzira yedu, kungoenderera mberi nerwendo kunozotiita kuti tikure kupinda zvatanga tiri.

### **Nguva Yakanakisisa yoKutanga Ndzivino**

Chirevo chakare chinoti, “Nguva yakanakisisa yokusima muti makore makumi maviri akapfuura. Nguva yakanaka zvinotevera ndzivino.”

Kune chimwe chinhu chinoshamisa uye chine tariro pamusoro peinzwi *rokuti iyezvino*. Kune chimwe chinhu chinoshamisa pamusoro pechokwadi chekuti kana tikasarudza kufunga iyezvino, tinokwanisa kufambira mberi panguva ino chaiyo.

*Iyezvino* ndiyo nguva yakanakisisa kutanga kuva munhu watinoda kupedzisira tava—kwete chete makore makumi maviri kubva iyezvino asiwo nokusingaperi kwese.

---

## KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Uchtdorf vakatsanangura kuti apo patinotadza kusvika pazvinangwa zvedu, “tinokwanisa kusimbiswa. . . . Kunyangwe tikatadza kusvika kumagumo enzira yedu, kungoenderera mberi nerwendo kunozotiita kuti tikure kupinda zvatanga tiri.” Kumbira nhengo dzemhuri kuti dzigovere zviitiko umo mavakadzidza zvakawanda kubva munzira yokuzviita kupinda zvavakadzidza kubva mukupedzisira kwazvo, sezvakaita kugirajuweta kubva kuchikoro kana kutambira mubairo wekukunda.

## VECHIDIKI

### Vavarira Kunakisisa Munezvaunoita Zvose—Uchitanga Iyevino

**M**utungamiri Uchtdorf vanodzidzisa kuti “zvinangwa zvedu pachedu zvinokwanisa kuburitsa kunakisisa matiri.” Funga kumisa zvimwe zvinangwa munzvimbo mbiri kana nhatu dzeupenyu hwako, semu-enzaniso, sezvakaita utano hwenyama, utano hwe-mweya, uye ushamwari. Ndedzipi budiriro dzaunoda kuva nadzo munzvimbo idzi gore rino? Apo paunofunga nemunamato nezve zvimwe zvinangwa, ita chokwadi kuti izvi zvinhu zvaunokwanisa kubudirira pazviri asi zvinozoita kuti ukure. Mujenari rako, tsanangura zvakazara zvinangwa zvako kuitira kuti ugokwanisa kuona kufambira mberi kwako apo gore parinopera.



# Basa Dzvene raJesu Kristu: Muenzaniso

*Nemunamato dzidza shoko rino uye tsvaka kuziva zvokugovera. Kunzwisisa upenyu nebasa reMuponesi kunozowedzera sei rutendo rwako Maari nokuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

Ruvimbo, Mhuri, Rubatsiro

*Ichi ndicho chokutanga muzvitevedzano zvezvinyorwa zveMashoko eDzidziso Yekushanyirana zvinopa zvimwe zvikamu zvebasa reMuponesi.*

**A**po patinonzwisisa kuti Jesu Kristu ndiye muenzaniso wedu muzvinhu zvose, tinokwanisa kuwedzera chido chedu chokuMutevera. Magwaro matsvene akazara nekurudziro kwatiri kuti titevere nemutsoka dzaKristu. KuvaNifai, Kristu akati, “Nokuti mabasa amakandiona ndichiita nemiwo munofanira kuaita” (3 Nifai 27:21). Kuna Tomasi, Jesu akati, “Ndini nzira, nezvokwadi, neupenyu; hapana munhu unouya kuna Baba asi nokwandiri” (Johane 14:6).

Nhasi vatungamiri vedu vano-tiyeuchidza kuti timise Muponesi semuenzaniso wedu. Linda K. Burton, mutungamiri mukuru weChita Cherubatsiro, akati, “Kana mumwe nemumwe wedu aine dzidziso yeRudzikinuro yakanyorwa zvakadzika mumoyo yedu, zvino tinozotanga kuva rudzi rwevanhu Ishe rwavanoda kuti tive.”<sup>1</sup>

Mutungamiri Thomas S. Monson vakati, “Ishe neMuponesi wedu, Jesu Kristu, ndiye Muenzaniso wedu nesimba redu.”<sup>2</sup>

Ngatitsidzirei kuswera pedyo kuna Jesu Kristu, kuteerera mirairo Yake, nokuedza napose patinokwanisa kudzokera kuna Baba vedu Vokudenga.

## **Kubva muMagwaro Matsvene**

2 Nifai 31:16; Aruma 17:11; 3 Nifai 27:27; Moroni 7:48

## **Kubva muNhorondo Yedu**

“Akatara gwara uye akatungamira nzira,” akanyora Eliza R. Snow, mutevedzeri wechipiri muChita cheRubatsiro, nezve hushumiri hwepanyika hwaJesu Kristu.<sup>3</sup> Akaparidza kuvanhu—mumwe nemumwe. Akadzidzisa kuti tinofanira kusiya makumi mapfumbamwe nemapfumbamwe kuti tiponese rimwechete rarashika (ona Ruka 15:3–7). Akarapa uye akadzidzisa vanhu mumwe nemumwe, akapa nguva kumunhu mumwe nemumwe pakati pegungano revanhu zviuru zviviri nemazana mashanu (ona 3 Nifai 11:13–15; 17:25).

Kumadzimai eVatendi Vamazuva Ekupedzisira, Mutungamiri Dieter F. Uchtdorf, Mutevedzeri Wechipiri muHutungamiri Hwekutanga, vakati: “Imi masisita anoshamisa

munopa rubatsiro runetsitsi kunavamwe nokuda kwezvikonzero zvakakura kupfuura zvido zvezvimuko zvenyu pachenyu. Mukudaro munotevera muenzaniso weMuponesi. . . . Pfungwa dzake nguva dzose dzaigara dzakananga pakubatsira vamwe.”<sup>4</sup>

## **KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA**

1. Linda K. Burton, “Is Faith in the Atonement of Jesus Christ Written in Our Hearts?” *Ensign* kana *Liahona*, Mbudzi. 2012, 114.
2. Thomas S. Monson, “Meeting Life’s Challenges,” *Ensign*, Mbudzi. 1993, 71.
3. “How Great the Wisdom and the Love,” *Hymns*, no. 195.
4. Dieter F. Uchtdorf, “Happiness, Your Heritage,” *Ensign* kana *Liahona*, Mbudzi 2008, 120.

## **Chii Chandingaite?**

1. Jesu Kristu muenzaniso wangu sei uye nokuda kwei?
2. Kuparidza kumasisita andinoshanyira kunokwanisa kundibatsira sei kutevera Muponesi?